

Nit Nitay Garabam

Jibril: Salaam maaleykum.

Tagati: Maaleykum salaam.

Jibril: *Madame*, gëj naa la gis!

Tagati: Sama góór, nàmm naa la! Ci loo nekk nak?

Jibril: *Billaahi*, nii rekk.

Tagati: Waaw, *bismillaa*, nàmm naa la!

Jibril: Naka mu! *Billaahi* Ndóóy...

Tagati: Dama laa gëj a dégg!

Jibril: Mënoo ñaaw Ndóóy!

Ndóóy si baay, Ndóóy si yaay!

Tagati: Jeex na!

Jibril: Yaa bokk si yax bu rëy.

Li nga am, ñi ka am bariwul!

Li nga am, ñi ka am bariwul!

Tagati: Yaa ko wax.

Jibril: Kaña rekk a ka am ak waa këram. Nee ma lu tax!

Tagati: Lan moo tax?

Jibril: Baay kaña, yaay kaña, rakk kaña, ba kaña tanta ak kaña yumpaañ kay!

Tagati: Sax!

Jibril: Si *famille* bu rëy nga bokk!

Si yax bu rëy!

Waaye dey, Ndóóy dey, *Madame* , Li ma taxoon a jóg kay...

- Dama am ay jafe-jafe àdduna. Ay jafe-jafe àdduna moo ma dab.
- Te *comme*, te dañu ne “nit nitay mbokkam”.
- Tagati:** Yow de, maay sa mbokk.
- Jibril:** Teg ci ne “nit nitay garabam”.
- Tagati:** Gis nga, boo ko waxee moom la, boo ko waxul moom la.
- Jibril:** Te yaay sama nit. Kon, yaay sama garab. Kon, su ma feebaree...
- Tagati:** Dama lay faj.
- Jibril:** Moo tax ma ñów fii Ndóóy!
- Tagati:** Kon de wér nga.
- Jibril:** Ndax dama bokkoon si benn *tontine*, boo xamante ne benn Palla-Fuuta moo ko yor. Dañu ko yaatal suñu biir ba mu mujjee ëpp nu doole.
- Tagati:** Xanaa xamuloo Palla-Fuuta yi, yow tam it!
- Jibril:** Amuñu mbokk, duñu mbokk, duñu xarit.
- Tagati:** Seen mbokk doŋ!
- Jibril:** Aysatu Jàllo lañu koy wax. Jaam dëgg mu ngi noonu.
- Jibril:** Seen mbokk doŋ!
- Jibril:** Bi ma teggee cinq cent mille, jafe-jafe àdduna dab ma. Samay nàtt yééx. Bi mu yééxee mu porte ma *plainte*. Yónni ma *gendarmerie*.
- Suñu *chef de village* moo si jàpp ñu may ma ñaari fan.
- Tagati:** *Deux jours!*
- Jibril:** Ñaari fan de!
- Tagati:** Rekk!
- Jibril:** Rekk! Jaaxle nak ak njaqare dab ma, ma ne naa seeti sama nit, ndaxte yaay sama garab.

- Tagati:** Man la moos!
- Jibril:** Ma bëggoon foofu rekk, Ndóóy, nga dimbale ma si.
- Tagati:** Ñaata nga soxlawoon?
- Jibril:** *Cinq cent mille* doŋ!
- Tagati:** *Cinq cent mille* doŋ!
- Jibril:** Doŋ-doŋ! Ma fey ko ko *parce que* dafa bon...
- Tagati:** Am nga ko, bu la neexee neel *Alhamdulillaa...*
- Jibril:** ... ak xonqaayam boobu!
- Tagati:** Am nga ko!
- Jibril:** *Alhamdulillaahi rabbil aalamin!*
- Alhamdulillaahi rabbil aalamin!*
- Tagati:** *Alhamdulillaaa.* Wante nak, man sama mbir lenn doŋ la. Par *papier* laa xam, man.
- Jibril:** Paa?
- Tagati:** *Papier!*
- Jibril:** *Papier*, maanaam...?
- Tagati:** Xam nga man, dama wóólu lu bari *papier*.
- Signer* daal! Sa mandarga wi dafa fay nekk, moom.
- Jibril:** Sama mandarga, maanaam ma rëdd.
- Tagati:** Waaw, ne ma *jour tant* dama lay fey.
- Jibril:** Su ma rëddee rekk nga jox ma xaalis?
- Aa, loolu kay yomb na, *Madame!*
- Tagati:** Mais, *jour* nga may fey.
- Jibril:** Aa?

- Tagati:** *Jour!*
- Jibril:** Luy loolu?
- Tagati:** Bes bu ñówee, maanaam, nga sooga mëna andi sama xaalis.
- Jibril:** Aa, danga kay def ab àbb, bu bés bi ñówee rekk ma fey la?
- Tagati:** *Cinq cent mille* laa lay jox, nga jox ma *sept cent cinquante mille*.
- Jibril:** Baax na! Baax na, parce que xam naa ne bu dee yow rekk, caabi duma féétee ginnaaw.
Yaa ma gënal kee.
- Tagati:** Déggoo de! *Cinq cent mille* laa lay jox, nga jox ma *sept cent cinquante mille*.
- Jibril:** Mm!... Baax na ba tey.
Nangu naa, moo ma gënal kaso.
- Tagati:** Baax na! Xaaral ma ñów.
Aadama! Aadama!
- Aadama:** Naam!
- Tagati:** Aa, *mais* Aadama foo nekkoon?
- Aadama:** Dama awoon si ginnaaw moo tax.
- Tagati:** *D'accord!*
- Jibril:** Xanaa kii sa ràkk la?
- Tagati:** Non, sama bóoy la!
- Jibril:** Bóoy!
- Aadama:** Ma yégg ci biir.
- Jibril:** ... Nu muy nekke bóoy te du jigéén?
- Tagati:** Maanaam mbindaan.
- Jibril:** Mbindaan! Fi de la bët yem!

Laa-ilaaha–Senegaal Njaay tas na waay!

Tagati: Am, suba su ma xéyee dinaa ko bind.

Jibril: Mënoon nga ma jox xaalis yooyu. Seen kii yii, fók nga dem ba si *banque* bi pour...

Tagati: Boo demee *SGBS*¹ mën nga jël...

Jibril: Aa? Waaw, *Alhamdulillaa*, ba tey!

Jérëjëf! Maa ngiy dem, *Madame*.

Jérëjëf!

Tagati: Nuyul ma waa kër ga!

Jibril: Lu ñu naan “nit nitay garabam”!

Tagati: Ak njaboot gi!

Jibril: “Nit nitay garabam”, dëgg la! Maa ngiy dem.

Tagati: Yaa ko wax!

Jibril: Maa ko wax!

Jérëjëf, Ndóoy!

[Li ci topp, Jibril a ngi toog ci këram ak xaritam Usman]

Usman: Xam nga!

Jibril: Dama sonn ci li nga maay wax. Dama sonn! Dama sonn!

Usman: *Mais* nanguwuloo ma dégg.

Aadama: Salaam maaleykum!

Usman: Maaleykum salaam.

Aadama: Waaw, Sériñ bi!

Jibril: Aadama!

¹ SGBS: Société Générale de Banques au Sénégal, a large Senegalese banking corporation.

Aadama: Coom! Coom!

Jibril: Gēj naa la gis!

Aadama: Ma ngi fi rekk.

Jibril: Naka *Madame*?

Aadama: *Alhamdulillaa.*

Jibril: Mbaa mu ngi ci jàmm?

Aadama: *Alhamdulillaa.*

Jibril: Mbaa woppul?

Aadama: *Alhamdulillaa.*

Jibril: *Alhamdulillaa!*

Kii bóóyu *Madame* la, maanaam mbindaan. Xamoo dara.

Aadama: Sa waay de moo ma yónniwoon, *Madame*.

Jibril: Mbaa mu ngi ci jàmm?

Aadama: Waaw, jox ko xale mu jàng ko.

Jibril: Waaw-waaw, ne ko dinaa fa ñów, inshallaa. Jérëjëf waay! *Alhamdulillaa. Laa- illaaha – Madame* dafa baax!

Usman: Waaw, dafa baax waaw!

Jibril: Man jànguma lékool, yaa jàngijiwoon kay.

Usman: Xoolal ma lii! Maa ngi wax, àggalewuma, lii ñów.

Jibril: Lu mu wax? Waaw, wax ma lu mu wax rekk! Lu mu wax?

Usman: Yow xamuloo ne kii dafa la *convoquer police*. Dafa la woolu *police*.

Jibril: Lan la? *Convoquer?*

Usman: Kii dafa la woolu *police*.

- Jibril:** Lan [po]lice?
- Usman:** Yow, kooku loo leen seq?
- Jibril:** *Laa-ilaaha illallaaha!*
- Usman:** Xam nga yow! Lii ngay def di ñu rusloo *quo!*
- Yow doo géwël, amoo maamu géwël, mais nga toog ci dëkk bi di raasaatu rekk, fu ne nga
dugg fa. Xam nga.
- Gis nga nit, am na benn baat bu may dégg nga di ko wax, naan “nit nitay garabam”.
- Mais “nit nitay posonam”.
- “Nit nite mooy garabam”! Nit, dangay nite. Mais yow bul nangu sa àdduna lépp nit ñi
resal la ka.
- Jibril:** Déédéét, resaluma lépp de. Dama doon bañ a dem sama bopp ba ca kaso.
- Yaakaaroon naa ne “nit nitay garabam” moo tax ma dem si *Madame* puur mu lebal ma.
- Usman:** Nit nak, nite mooy garabam.
- Gis nga yow, boo demoon dóóri waar, boo demoon liggééy dinga mën a faj sa lii.
- Jibril:** *Madame* jaam la, tågg yu ma ka tågg yépp!
- Usman:** Jaam la! Jaam la! Yaa ngi door a xam ne jaam la!
- Jibril:** “Nit nit du garabam”, “nit nitay posonam” la. “Nit nitay posonam” la!
- Usman:** *Comme que* bi ngay dem ci *Madame* tåggowuloo ma. Sa kayit gi, boo xéyee suba na nga
wuyuji.
- Jibril:** Noo bokk ndey ak baay de!
- Usman:** Aa yaa ngi koy door a xam?
- Jibril:** Yaa bokk ndey ak baay!
- Usman:** Yow *billaahi* yaa ñàkk jom.

Jibril: Yaa bokk ndey ak baay.

Pourtant jox naa la si, ndékki nga si de! Ndékki nga si! Waaye, *billaahi*, *Madame* dina xam ne, man la ko seqal. Olof Njaay, li mu wax, li ciy dëgg bariwul. Nit nit du garabam, ab nite mooy garabam, ndax bu ma nitewoon lii lépp du ma dal.

“Nit nak, nitay posonam” la. Waaw, “nit nitay posonam”.

Waaye *billaahi*.....